

## Règleman pou kappa wè materyèl ki anrejistre deja pou Inite Edikasyon Kontinyèl (CEUs)

Lè nou gade kantite travay ajans LEgliz Frè Yo kreye e anrejistre, tankou vebinè an evenman ki anrejistre sou plas, kèlke anrejistreman, jan sa endike anba a, kounye kapab wè-yo nan bi pou resevwa Inite Edikasyon Kontinyèl (IEK) (CEUs). Pou anrejistreman say o ka kalifye pou IEKs, yo dwe: 1) kreye pa ajans LEgliz Frè Yo, 2) yo pa sipoze gen plis ke dizan, e 3) yo te ofri oriiginèlman pou resevwa IEKs selon kritè ki tabli Akademy Frè Yo pou Lidèship Ministeryèl (Brethren Academy for Ministerial Leadership). Enpe nan sit entènèt kote anrejistream kalifye yo loje nan lis anba\*.

Apre ou fin gade yon anrejistreman ki satisfè kritè yo susmansyone, klèje a ka ale nan paj entènèt Akademi LEgliz Frè Yo <https://bethanyseminary.edu/brethren-academy/> pou konplete to complete a "Edikasyon Kontinyèl Repòte pou Materyèl Anrejistre erial". Fòm entènèt la ka ranpli dirèkteman ki ap pèmèt moun kap gade yo mete enfòmasyon sa yo ki obligatwa: Non moun kap gade a, distri, enfòmasyon pou konate-l, tit evenman an, paj entènèt kote yo jwen anrejistreman an, konbyen tan anrejistreman an dire, non oratè a (yo), enpi yon paragraph ki idantifye ide santral oubyen yon konpreyansyon nouvo ki ajoute de anrejistreman sa yo gade a. Lè fòm sa finn ranpli, moun kap gade a kapab inprime e voye rapò a pa lapòs bay Akademi LEgliz Frè Yo ansanm ak tout lajan pou sètifikasi. Tout sa ki soumèt yo apral revize pa Direktè Akademi LEgliz Frè Yo anvan yo akòde IKE yo.

Gade anrejistreman apre evenman ekivalan a kredi nou tap akòde si ou te asiste prezantasyon sa. Pa egzanp, si ou te patisipe nan vèbinè a menm jou anseyman an pou inèdtan li vo 0.1 (IEK or CEU). Si ou vini gade menm vèbinè sa yon lòt la, lap vo menm 0.1 (IEK or CEU).

Nou pap akòde sètifikasi IKE pou yon kantite pi plis ke 2.0 IKE. Pou enstans, dezèdtan anrejistreman kapab konbine pou yon total a 2.0 IKE oubyen legliz la kapab gade yon anrejistreman twazèdtan pou 0.3 IKE. Yon rapò separe sou "Edikasyon Kontinyèl Repòte pou Materyèl Anrejistre" obligatwa pou chak anrejistreman ou gade.

Pri sètifikasi yo a \$10 pa chak sa ki soumèt, ak yon limit de 4 anrejistreman pa evenman, kelkeswa nonb de tan, pa chak sa ki soumèt. Sètifikasi an papye ap al jwen klèje yo pa lapòs e ap gen yon rekòd nan sètifikasi sa yo nan Akademi LEgliz Frè Yo

Akademi LEgliz Frè Yo rekòmande pou distri yo aplike pa plis ke 25 èdtan (2.5 IKE) de materyèl anrejistre pou rive 50 èdtan (5.0 IKE) edikasyon kontinyèl ki obligatwa pandan chak sik de 5-ane. Sa ap asire moun yo ap patisipe nan evènman IKE a dirèk ki ap pèmèt yon kantite siyifikatif konplete sou entènèt la.

\* Sit entènèt sa yo loje anrejistreman ki kalifye ladan yo, men sèlman yo pa limite a sa:

- Ministè Disip Yo (Discipleship Ministries):  
<http://www.brethren.org/webcasts/archive.html>

- Ministè Jènn ak Jènn Granmoun (Youth and Young Adult Ministries):  
<http://www.brethren.org/yya/webcasts.html>
- Lapè Sou Tè (On Earth Peace):  
<https://www.youtube.com/user/OnEarthPeaceTV/videos>

Sa yo se langaj anrejistreman yo an Anglè. Sepandan, pifò nan yo gen tit dekri nan plizyè langaj disponib.

Pou ou kapab li tit dekri a nan langaj chwa pa ou:

1. Chwazi videyo ou e klike **jwe “Play”** (flèch).
2. Pa anba bò dwat ekran an, klike senbòl **CC**.
3. Apre sa, klike sou mo **Settings** (tou pre) bò kote de senbòl CC yo.
4. Nan lòt paj la (window), klike soutit (**Subtitles/CC**).
5. Nan lòt paj la (window), klike sou tradiksyon otomatik (**Auto-Translate**).
6. Nan lòt paj la (window), woule kèsè-a anba enpi klike sou langaj ou chwazi a.  
(*si ou redirige de vèbinè-a, would pa anba. Wap kapab wè lòt paj, ki ap pèmèt ou chwazi langaj ou vle a.*)
7. Lang ou chwazi-a ap woule atravè ekran an pa anba.

Pou diminye a ki vitès ke tit parèt:

8. Klike ankò sou mo **Settings** (tou pre) bò kote de senbòl CC yo.
9. Nan lòt paj la (window), klike **Playback Speed** ki se vitès pou jwe.
10. Nan nouvo paj la, klike sou vitès ou prefere a.